

LATIHAN SOAL UJIAN SEKOLAH 2
MATA PELAJARAN BAHASA JAWA

I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi menehi tandha ping (X) ing salah sawijing aksara A, B, C, utawa D!

Wacanen kanthi patitis!

Wacan kanggo soal nomer 1-8

Prabu Dasarata duwe kanca sing raket jenenge Resi Jatayu. Resi Jatayu minangka rajaning manuk. Resi Jatayu iku sing meruhi nalika Sinta utawa putri mantune Prabu Dasarata dicolong Rahwana. Resi Jatayu banjur enggal ngrebut Sinta saka regemaning Rahwana. Nanging Resi Jatayu kalah kuwat, mula Resi Jatayu kalah, swiwine tugel sengkleh, wulune dibrodholi, ditendhang nganti kejet-kejet. Rahwana saya cepet mlakune anggone nggondhol Sinta, Sinta kelaran, kabeh perangan awake krasa lara, satemene pengin uwal nanging sansaya kenceng sikepane Rahwana. Wusanane amung bisa nangis melas asih njaluk tulung ngrerintih sedhah. Sekar cundhuk mentul, gelang, kalung, padha tiba kocar-kacir.

Rama lan Lesmana kaget bareng wis tekan papan dununge Sinta wis ora ana. Digoleki, diceluki ora ana wangsulan. Rama saya kaget bareng nemu cundhuk mentul sing pating pececer, ing pangira Sinta mesthi dicolong. Kekarone banjur nerusake laku nggoleki ilange Sinta. Tumeka ana ing panggonane Resi Jatayu, kahanane Resi Jatayu menggeh-menggeh lan megap-megap kaya meh mati nanging isih bisa nyritakake lan menehi weruh menyang endi parane Rahwana sing nyolong Sinta. Jalaran wis ora bisa ketulungan mula Resi Jatayu banjur kaobong dening Rama, keluke geni kumebul menyang langit sing araha tumuju menyang negara Alengka lan keprungu swara tanpa rupa sing isine menehi pituduh carane ketemu Sinta.

1. *Resi Jatayu banjur enggal ngrebut Sinta saka **regemaning** Rahwana.*
Tembung “regemaning” tegese yaiku
 - a. cengkeremaning
 - b. ana ing
 - c. pepeling
 - d. pungkasaning
2. ***Wusanane** amung bisa nangis melas asih njaluk tulung ngrerintih sedhah.*
Tembung “wusanane” tegese yaiku
 - a. awale
 - b. apike
 - c. apa anane
 - d. akhire
3. Irah-irahan wacan kasebut sing bener yaiku
 - a. Resi Jatayu
 - b. Prabu Dasarata
 - c. Rama Wijaya
 - d. Dewi Sinta
4. Ing ngisor iki, kang *ora* kalebu paraga ing crita Resi Jatayu yaiku ...
 - a. Sinta
 - b. Sunan Kalijaga
 - c. Resi Jatayu
 - d. Prabu Rama
5. Watak angkarane Rahwana kang dituduhake ing crita kasebut yaiku
 - a. pamer bandha
 - b. udreg-udregan
 - c. nyolong Sinta
 - d. natoni Jathayu
6. Miturut wacan kasebut kanca rakete Resi Jatayu, yaiku
 - a. Raden Lesmana

- b. Prabu Dasarata
 - c. Raden Anoman
 - d. Raden Rama
7. Sing ngabari menawa Sinta digawa menyang Alengka, yaiku
- a. Rahwana
 - b. Lesmana
 - c. Dasarata
 - d. Jathayu
8. Swara ghaib menehi pituduh bab
- a. penere negara Alengka
 - b. arane sing nyolong Sinta
 - c. carane nemokake Sinta
 - d. carane nyekel maling

Wacan kanggo soal nomer 9-10!

Tumeka negara Alengka Sinta dipameri endahing kraton, barang-barang lan prabotan kang edi peni, mawarna-warna mas inten barleyan. Sinta ora gumun lan ora ngrewes. Rahwana nyoba ngarih-arit sarta nglelipur Sinta. Sinta crita menawa ora kepencut nanging tetep setya marang Rama. Krungu kandhane Sinta, Rahwana muntab lan ngincim marang Sinta yen ora manut bakal dipateni, nanging Sinta tetep teteg atine ora wedi mati.

9. Pratelan kasebat ngandharaken menawi
- a. Nagari Alengka endah lan edi peni kathah prabotan ingkang ngremenaken
 - b. Sinta remen sanget sampun dumugi Alengka kathah mas inten barleyan
 - c. Sinta boten kepencut dipun pameri endahing kawontenan nagari Alengka
 - d. Prabu Rahwana nesu amargi Sinta boten purun dipunpundhut garwa
10. Pakarti luhur ingkang wonten pethikan kasebut inggih punika
- a. Sinta ingkang tetep setya marang Rahwana
 - b. Remen lan ngrungkepi endahing nagari Alengka
 - c. Sinta ingkang tetep setya dhateng Rama
 - d. Kasetyanipun Rahwana dhateng Sinta
11. *Begal motor sangsaya nekat. Sanajan sabenero wis akeh kang bisa ditangkep dening pulisi, nanging meksa wae isih akeh kedaden begal motor. Dina Setu, tanggal 21 Maret 2015 wayah ngarepake maghrib, kedaden begal motor kang nuwuhake kurban jiwa. Sawjining sodagar beras ing Jakarta, Pak Rahmat nalika mulih numpak motor saka tokone, ing satengahe dalam kang rame cedhake omahe, dheweke dibegal. Para begal motor kang mbegal sajak wis ngerti lan ngetutake saka kadohan. Bareng wis cedhak, tanpa omong apa-apa, begal iku nyabetake pedhang saka mburi. Nalika kurban tiba glangsan, begal kancane langsung mbedhilake pustule. Kurban kang tanpa daya iku wusanane nemahi tiwas ana ing rumah sakit.*
- Masyarakat kang weruh nalika Pak Rahmat dibegal ora bisa apa-apa amarga
- A. diancem nganggo pedhang lan pistol
 - B. ora ana kancane, mula ora padha wani
 - C. wedi merga para begal nggawa gegaman
 - D. para begal terus mlayu numpak motor
12. **Repothe Kutha Jakarta, 6 Jam Kepaten Listrik**
- Jakarta-Dina Minggu tanggal 4 Agustus 2019 listrik mati winit jam 11.45 nganti 17.55. Lampu bangjo (traffic light) uga melu mati, dalan-dalan ing Jakarta dadi macet total. Sing kendharaane kentekan bensin ya ora bisa apa-apa, awit SPBU uga ora bisa ngedoli, jalaran bensine ora bisa mili lan meterane uga mati. Kalangan Ojek Online ora bisa maneh golek penumpang, amarga aplikasi ing HP-ne ora jalan. Temahan akeh sing padha banting stir dadi Opang alias ojek pangkalan. Pehak @gojekindonesia pengendali ojol jroning twittere mratelakake, system aplikasi ing kantor pusat tetep normal, mung jaringan HP-ne para pengemudi ojol sing dadi keganggu. Pelanggan KRL uga melu klimpungan, jalaran sepure ora mlaku. Sing laris mesthi wae ojek manual (non aplikasi) nadhahi "muntahan" penumpang KRL.*
- Ing ngisor iki akibat Kutha Jakarta kepaten listrik 6 Jam, kajaba
- A. dalan-dalan ing Jakarta dadi macet total
 - B. SPBU ora bisa ngedoli, jalaran bensine ora bisa mili
 - C. ojek online akeh penumpange

D. aplikasi hp ojek online ora jalan

13. Retno : “Bu, Yanto dipuntimbali Bu Dyah ing ruwang BK samenika.”
Ibu Guru : “Lha ana perlu apa?”
Retno : “Ngendikanipun Bu Dyah, Yanto kalawingi boten mlebet tanpa ijin, Bu.”
Ibu Guru : “O...ya. Yanto... kana sowan Bu Dyah.”
Yanto : “Nggih, Bu.”
Retno : “Pareng nggih, Bu. Maturnuwun.”
Ibu Guru : “Ya... padha-padha.”
Basa sing digunakake Retno nalika matur marang Ibu Guru, yaiku basa
- ngoko lugu
 - ngoko alus
 - krama lugu
 - krama alus
14. Ing ngisor iki sing ora kalebu paugeran tembang macapat yaiku ...
- guru gatra
 - guru notasi
 - guru wilangan
 - guru lagu
15. Teks Piwulang Serat Wulangreh Pupuh Gambuh iku anggitané ...
- Pakubuwana IV
 - Pakubuwana V
 - Mangkunegara IV
 - Mangkunegara V
16. Sekar gambuh ping catur,
kang cinatur polah kang kalantur
tanpa tutur katula-tula katali,
kadaluwarsa katutuh,
kapatuh pan dadi awon.
Tembung “catur” duweni teges yaiku ...
- siji
 - loro
 - telu
 - papat
17. Sekar gambuh ping catur,
kang cinatur polah kang kalantur
tanpa tutur katula-tula katali,
kadaluwarsa katutuh,
kapatuh pan dadi awon.
Tembung “polah” duweni teges yaiku ...
- tindak tanduk
 - mbeling
 - nakal
 - sopan
18. Sekar gambuh ping catur,
kang cinatur polah kang kalantur
tanpa tutur katula-tula katali,
kadaluwarsa katutuh,
kapatuh pan dadi awon.
Tembung “awon” duweni teges yaiku ...
- becik
 - ala
 - apik
 - bener
19. Sekar gambuh ping catur,

25. *Lamun ana wong micara kaki,
tan mupakat ing patang prakara,
aja sira age-age,
anganggep nyatanipun,
saringana dipunbaresih,
limbangan lank ang patang,
dalil khadis lan ijemak
lan kiyase papat iku salah siji,
anaa kang mupakat*
Kang dikarepake patang prakara miturut tembang dhandhanggula ing dhuwur yaiku
- dalil, hadis, ijemak, Kuran
 - dalil, hadis, ijemak, mupakat
 - dalil, hadis, Kuran, mupakat
 - dalil, hadis, ijemak, kiyas
26. Ing ngisor iki kang kalebu ciri-cirine sandhiwara yaiku
- dipentasake
 - ora kudu dipentasake
 - ora ana dialoge
 - paraga ora kudu ana
27. Ing ngisor iki kang ora kalebu unsur-unsur sandiwara yaiku
- tema
 - omah
 - paraga
 - alur

Wacanen kanthi patitis!

Wacan kanggo soal nomer 28-32

*Sun Gegurit
Kahanan jaman saiki
Sipat pemudha-pemudhi
srawunge saya ndadi
raket wewekane sepi
tan kadi duk jaman nguni
srawung sarwa ngati-ati*

28. Nitik cara panulisane, geguritan kasebut kalebu jinise geguritan
- lawas/tradhisional
 - anyar/modheren
 - saiki
 - biyen
29. *Tan kadi duk **Jaman nguni***
Tembung "jaman nguni" nduweni teges
- jaman saiki
 - jaman anyar
 - jaman modheren
 - jaman biyen
30. Srawunge nom-noman ing jaman saiki
- anteng
 - medeni
 - saya ndadi
 - dikendhaleni
31. Srawunge nom-noman jaman biyen yaiku
- grusa-grusu
 - ngati-ati
 - rumaket
 - saya ndadi

32. Isine geguritan kasebut yaiku nyritakake
- srawunge nom-noman
 - srawunge wong biyen lan saiki
 - kahanan jaman biyen lan saiki
 - bedane jaman biyen lan saiki

Wacan kanggo soal nomer 29-33!

Bekti kagem Ibu
*Nyuwun tambahing pangestu
kula badhe angayahi
tanggung jawab marang bangsa
ugi mring ibu pertiwi
iki pancen kewajiban
kang putra wus kudu ngerti*

33. Irah-irahan geguritan ing dhuwur, yaiku
- Bekti marang wong tuwa
 - Bekti kagem wong tuwa
 - Bekti marang Ibu
 - Bekti kagem Ibu
34. *Nyuwun tambahing pangestu*
Tegese tembung "pangestu" yaiku
- Dhuwit
 - Donga
 - Arta
 - Sangu
35. Sing nyuwun pangestu, manut geguritan kasebut yaiku
- Aku
 - Ibu
 - Ibu pertiwi
 - Murid
36. Manut isine geguritan kasebut, nyuwun pangestu marang Ibu amarga rumangsa duweni tanggung jawab marang
- bangsa
 - ibu pertiwi
 - bangsa lan ibu pertiwi
 - kulawarga
37. Tanggung jawab kasebut minangka ... kang kudu dingerteni.
- hak
 - sunah
 - panggawe becik
 - kuwajiban
38. Ing ngisor iki kang ora kalebu paugeran geguritan gagrak lawas yaiku
- Basane kalebu basa endah
 - Lumrahe diwiwiti nganggo tembung sun gegurit
 - Dhong dhinging swara nganggo purwakanthi guru swara
 - Cacahing wanda saben gatrane ajeg
39. Ing ngisor iki bedane geguritan gagrak lawas lan geguritan gagrak anyar, kajaba
- Geguritan gagrak lawas diwiwiti tembung sun gegurit, menawi geguritan gagrak anyar ora diwiwiti tembung sun gegurit.
 - Geguritan gagrak lawas kaiket dening paugeran, menawi geguritan gagrak anyar wis ora kaiket dening paugeran.

- c. Geguritan gagrak lawas kalebu puisi bebas ing basa Indonesia, menawi geguritan gagrak anyar kalebu puisi tradisional.
- d. Geguritan gagrak anyar luwih mardika, menawi geguritan gagrak lawas ora amarga kaiket dening paugeran.

Wacan kanggo soal nomer 40-45!

*Dipunsami hambanting sariranira
Cegah dhahar lawan guling
Darapon sudaa
Nepsu kang ngambra-ambra
Rerema ing tyas sireki
Dadya sabarang
Karsanira lestari*

- 40. Pethilan tembang kasebut kalebu ewoning tembang macapat
 - a. Dhandhanggula
 - b. Durma
 - c. Pangkur
 - d. Kinanthi
- 41. *Dipunsami hambanting sariranira*
Tegese tembung "sariranira" yaiku
 - a. aku
 - b. awakku
 - c. hamba
 - d. awakmu
- 42. Ing pada kapisan saka Serat Wulangreh pupuh Durma tinemu piwulang *cegah dhahar lawan guling*, tetembungan kasebut kena ditegesi ngurangi
 - a. mangan lan turu
 - b. ngombe lan turu
 - c. lelungan lan turu
 - d. makarya lan turu
- 43. Isine tembang kasebut, yaiku supaya manungsa iku padha nyuda
 - a. nepsu kang ngambra-ambra
 - b. nepsu syaithon
 - c. nepsu aluwamah
 - d. nepsu mangan
- 44. Amanat sing bisa dijupuk saka tembang ing dhuwur yaiku
 - a. aja rumangsa bener dhewe
 - b. emoh dipaido wong liya
 - c. aja dhemen ngumbar hawa nepsu
 - d. nyalahake wong liya
- 45. Gatra kang angka telu guru wilangan lan guru lagune yaiku
 - a. 4a
 - b. 5a
 - c. 6a
 - d. 7a